Pou Piblikasyon Imedya: 28/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL GARANTI ENVESTISMAN POU PWOTEJE TIMOUN NOU YO SOU ENTÈNÈT EPI RANFÒSE RESOUS SANTE MANTAL POU JÈN YO KÒM YON PATI NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2027 LA

Sa baze sou angajman Gouvènè a pou pwoteje timoun k ap itilize platfòm sou entènèt kont predatè, magouyè ak chatbòt IA ki danjere yo

Mennen nasyon an lè li rann fòmasyon Premye Swen pou Sante Mantal Adolesan disponib pou tout elèv dizyèm ane yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse envestisman istorik pou pwoteje timoun Nouyòk yo sou entènèt epi pou konbat kriz sante mantal jèn yo nan eta a kòm yon pati nan Bidjè Ane Fiskal 2027 ki adopte a. Inisyativ sa yo gen ladan ranfòse pwoteksyon pou timoun kont danje sou entènèt epi mete an aplikasyon yon premye pwogram fòmasyon Premye Swen pou Sante Mantal Adolesan nan tout eta a. Bidjè a pral bati sou travay Gouvènè a k ap mennen nasyon an pou entèdi telefòn entèlijan nan lekòl yo, mete etikèt avètisman rezo sosyal yo, limite fil nouvèl ki kreye depandans, epi kreye mezi pwoteksyon kont konpayon entèlijans atifisyèl (IA Companion) ki danjere yo. Gwo pwogram Gouvènè Hochul la pou ranfòse sistèm swen sante mantal Nouyòk la gen ladan tou kreyasyon plis klinik sante mantal ki baze nan lekòl yo, opsyon tretman ki baze nan kominote a, ak sipò ant parèy pou jèn yo ak adilt yo.

"Antanke premye Gouvènè manman Nouyòk la, mwen rekonèt defi san parèy ak danje sou entènèt timoun nou yo ap fè fas chak jou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Bidjè sa a ap pran mezi istorik pou ranfòse pwoteksyon sou entènèt epi ogmante resous sante mantal pou jèn yo. Atravè inisyativ sa yo, Nouyòk ap bay paran ak timoun yo plis kapasite pou yo jere pi byen defi espesyal yo ap rankontre ni sou entènèt ni andeyò entènèt."

Nouvo Pwoteksyon pou Timoun sou Platfòm sou Entènèt yo

Anpil pwosè ak ankèt te akize platfòm sou entènèt yo dèske yo pa pran mezi apwopriye pou pwoteje timoun k ap itilize yo. Platfòm sou entènèt sa yo pèmèt adilt kominike ak timoun nan fason ki rann timoun yo vilnerab a manipilasyon, abi sou timoun, ak ekspozisyon risk, tankou konpòtman predatè.

Lejislasyon Gouvènè a pou pwoteje timoun kont nouvo menas sou platfòm sou entènèt yo, tankou rezo sosyal ak platfòm jwèt yo, pral gen ladan:

- **Konfidansyalite pa Defo:** Y ap mete timoun yo otomatikman sou nivo pwoteksyon vi prive ki pi wo a sou platfòm ki konsène yo; sa vle di moun ki pa konekte avèk yo epi ki gen plis pase 18 an p ap ka kominike an prive ak timoun yo, wè pwofil konplè yo, oswa idantifye yo nan kontni. Paramèt lokalizasyon yo pral dezaktive otomatikman, epi timoun ki gen mwens pase 13 an dwe resevwa apwobasyon paran yo pou nouvo koneksyon.
- **Dezaktive Fonksyon Chatbòt IA yo:** Dezaktive kèk fonksyon konvèsasyon chatbòt IA (entèlijans atifisyèl) sou platfòm rezo sosyal pou timoun yo.
- **Kontwòl Paran:** Paran yo dwe kapab fikse limit sou tranzaksyon finansye timoun yo sou plafòm jwèt sou entènèt epi gade istorik tranzaksyon pitit yo.

Senatè Eta a Andrew Gounardes te deklare, "Pandan twò lontan, gwo konpayi teknoloji yo te fèmen je yo pandan rezo sosyal ak platfòm jwèt yo te vin tounen sant eksplwatasyon ak abi sou timoun. Verite a se, yo te plis konsène ak pwofi yo pase ak sekirite timoun yo. Kòm yo pa t vle aji, nou te fè sa. Konpayi jwèt ak rezo sosyal yo pral oblije mete anplas vrè pwoteksyon vi prive ak mezi sekirite serye pou platfòm yo pa kontinye tounen espas kote yo manipile timoun san kontwòl. Paran yo pa ta dwe enkyete yo pou pitit yo k ap vin sib predatè pandan y ap jwe jwèt videyo ak zanmi yo sou entènèt. Antanke papa jèn timoun, mwen konnen sa ki anje yo enpòtan anpil. Jodi a, n ap fè yon pa an avan pou yon entènèt ki pi an sekirite e pi bon pou tout Nouyòkè yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak paske li mete sa nan bidjè li a."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Antanke Prezidan Komite Sante Mantal Sena a, mwen rekonèt sante mantal jèn yo toujou yon kriz nan Eta Nouyòk. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li envesti nan jèn nou yo lè li pwoteje yo kont platfòm predatè sou entènèt, kenbe yo an sekirite sou rezo sosyal yo, epi elaji fòmasyon sou sante mantal pou ede plizyè milye adolesan devlope plis konsyans sou defi sante mantal ak itilizasyon sibstans pou yo ka sipòte tèt yo ak lòt jèn parèy yo."

Senatè Eta Kristen Gonzalez te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li mete sekirite jèn yo nan Nouyòk kòm yon priyorite. Pandan Semèn IA ane sa a nan Albany, nou te reyini defansè, travayè, epi nou te onore Maria Raine pou eksperyans trajik fanmi li ak chatbòt yo, kòm yon pati nan mouvman k ap grandi pou yon avni dijital ki pi an sekirite. Envestisman sa yo bati sou lidèchip Nouyòk nan nivo nasyonal pou adrese danje ki soti nan algorit ki kreye depandans, sistèm entèlijans atifisyèl ki danjere, ak platfòm sou entènèt ki twò souvan mete pwofi anvan byennèt timoun yo. Lè nou konbine pi bon pwoteksyon sou entènèt ak plis sèvis sipò sante mantal pou jèn yo, bidjè sa a fè yon etap enpòtan pou kreye yon avni ki pi an sante e ki pi an sekirite pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm Asanble Steve Otis te deklare, "Youn nan pi gwo pwen enpòtan nan bidjè eta a ki adopte ane sa a se seri nouvo mezi pou amelyore sekirite timoun yo sou entènèt. Nouvo dispozisyon pou bay vi prive otomatikman, ranfòse kontwòl paran yo, ak pwoteksyon kont chatbòt yo vin ajoute sou mezi sekirite nou te adopte pandan dènye ane yo. Gouvènè Hochul ak ekip li a fè pwoteksyon timoun yo nan yon anviwònman

teknoloji sou entènèt ki toujou ap chanje e ki bay enkyetid, vin tounen yon gwo priyorite. Nouyòk kontinye rete yon lidè nasyonal nan pwoteje timoun yo kont menas ki soti sou entènèt ak nan teknoloji."

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, "Youn nan pi gwo enkyetid mwen tande souvan se kriz sante mantal jèn yo ap fè fas chak jou. Pou nou abòde pwoblèm sante mantal jèn yo, nou fè gwo envestisman nan bidjè a nan sèvis tankou premye swen sante mantal pou adolesan, epi nou ranfòse pwoteksyon kont menas ki soti sou entènèt. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a pou lidèchip ekstrawòdinè li sou kesyon sa a, pou chak jèn moun ka pwospere."

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Pwoteje jèn moun sou entènèt se pami pi gwo responsablite nou pataje kòm lejislatè, paran ak kominote yo. Envestisman istorik sa yo nan bidjè ane sa a pral ede asire timoun yo pi an sekirite kont konpòtman predatè ak kontni danjere sou entènèt, pandan y ap bay fanmi yo pi bon zouti pou pwoteje vi prive ak sekirite pitit yo sou entènèt. Mwen fyè pou m kolabore ak Gouvènè Hochul ak patnè lejislatif mwen yo pou fè pwogrè sou politik ki mete byennèt jèn nou yo an premye epi bati anviwònman sou entènèt ki pi an sekirite pou timoun yo atravè tout Nouyòk."

Elaji Fòmasyon sou Sante Mantal pou Plizyè Santèn Milye Adolesan
Envestisman Gouvènè Hochul la pral fè fòmasyon Premye Swen Sante Mantal pou Adolesan disponib pou tout elèv klas 10yèm ane atravè Eta Nouyòk. Nouyòk pral mete an plas pa etap yon angajman pou fè fòmasyon an disponib pou plis pase 180,000 elèv chak ane, pou asire ke, gradyèlman, pifò elèv lekòl segondè yo ap gen konpetans debaz pou sipòte tèt yo epi youn lòt.

Lè adolesan yo ap fè fas ak pwoblèm sante mantal ak itilizasyon sibstans, souvan premye bagay yo fè se pale ak kamarad yo. Menm jan an tou, zanmi yo souvan nan pi bon pozisyon pou idantifye epi konprann estrès oswa presyon ki ka ap peze sou lòt elèv yo. Rechèch montre, avèk fòmasyon, jèn yo gen kapasite pou idantifye epi reyaji yon fason efikas fas ak pwoblèm sante mantal, nan fason ki ka amelyore epi menm sove lavi.

Fòmasyon sa a fèt pou jèn ki gen laj 15 ak 18 an pou yo ka idantifye, konprann, epi reponn ak siy pwoblèm sante mantal ak itilizasyon sibstans lakay zanmi yo ak kamarad yo. Fòmasyon an bay konpetans pou rekonèt siy ak sentòm komen sante mantal ak pwoblèm itilizasyon sibstans; enpak entimidasyon ak vyolans lekòl sou sante mantal; kijan pou gen konvèsasyon ki gen enpak ak kamarad klas yo sou pwoblèm sante mantal oswa pou chèche èd nan men yon adilt; sipò fòmèl ak enfòmèl, ak swen pèsonèl.

Kòm yon pati nan envestisman sa a, Eta a pral ofri tou fòmasyon Premye Swen pou Sante Mantal Jèn pou adilt ki regilyèman an kontak ak jèn yo nan lekòl ak pwogram kominotè yo. Kourikoulòm sa a, ki rekonèt atravè peyi a, prezante pwoblèm sante mantal ki komen lakay jèn yo, revize devlopman tipik adolesan yo, epi anseye yon plan aksyon an 5 etap sou kijan pou ede jèn yo alafwa nan sitiyasyon kriz ak nan sitiyasyon ki pa kriz.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) nan Eta Nouyòk, te deklare, "Nan diskisyon nou te fè ak jèn yo sou kesyon sante mantal, gen yon bagay ki te toujou parèt klè — lè yo nan detrès, jèn yo chèche pale ak kamarad yo. Premye Swen pou Sante Mantal Adolesan ede jèn Nouyòkè yo pale ak kamarad klas yo ak zanmi yo sou pwoblèm sante mantal, epi li ba yo konesans/pratik ki nesesè pou jwenn èd pou yo lè sa nesesè. Lè l elaji pwogram sa a, Gouvènè Hochul ap kontinye angajman solid li pou amelyore sante mantal jèn yo, epi pou bay jèn nou yo konpetans yo ka konte sou yo pou viv epi devlope, malgre tout defi yo ap fè fas ak yo jodi a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral National Council for Mental Wellbeing, Chuck Ingoglia, ansanm ak Vis Prezidan Premye Swen pou Sante Mantal, Tramaine EL-Amin, te deklare, "Anons sa a reprezante yon envestisman istorik ak transfòmatè nan sante mantal jèn yo. Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip odasye li ak angajman san fay li pou byennèt mantal elèv Nouyòk yo. Lè li elaji Premye Swen pou Sante Mantal Adolesan pou li rive jwenn tout elèv 10yèm ane atravè tout eta a, Nouyòk ap etabli yon estanda nasyonal ki pisan — li ap fè konvèsasyon sou sante mantal vin nòmal, li ap diminye estigmatizasyon an, epi li ap bay yon jenerasyon antye konpetans esansyèl ki ta ka menm sove lavi. National Council la fyè pou l patnè nan efò sa a, epi li rete totalman angaje pou sipòte lekòl yo, edikatè yo, paran yo ak kominote yo pandan inisyativ istorik sa a ap vanse."

Eta Nouyòk pral lanse tou yon pake inisyativ solid ki fèt pou ranfòse enfrastrikti sante mantal la, amelyore prevansyon itilizasyon sibstans, epi elaji resous pou rekiperasyon pou jèn ak jèn adilt yo atravè eta a.

- **Elaji Espas Sekirite pou Jèn yo:** Biwo Sante Mantal la pral elaji pwogram Espas Sekirize pou Jèn yo lè li deziyen de lòt òganizasyon kominotè pou bay anviwònman ki pa klinik, ki bay sipò, epi ki pa jije, kote adolesan yo ka jwenn resous pou byennèt yo epi bati bon relasyon ak lòt jèn parèy yo.
- **Rekonèt Lekòl k ap Bay Sipò Sante Mantal Ranfòse:** Yo pral etabli yon nouvo deziyasyon ki rele "Lekòl Eksepsyonèl nan Sipòte Sante Mantal Solid". Prim sa a pral rekonèt, rekonpanse, epi bay ankourajman finansye pou lekòl ki rive satisfè gwo estanda nan prevansyon kriz, diminye estigma, ak depistaj sante mantal.
- **Òganize yon Senpozyòm sou Prevansyon Itilizasyon Sibstans Jèn yo Dirije:** Biwo Sèvis ak Sipò pou Depandans (Office of Addiction Services and Support, OASAS) lan pral òganize yon senpozyòm kote lòt jèn ap dirije pou elèv yo ka aprann sou danje itilizasyon sibstans ak fason pou kenbe bon sante mantal atravè eksperyans lòt jèn parèy yo. Sa pral mache ansanm ak yon kanpay angajman sou rezo sosyal ak medya dijital ki konsantre sou jèn yo.
- **Elaji Fòmasyon ki Baze sou Prèv pou Klinisyen k ap Travay ak Timoun yo:** Gouvènè Hochul pral bay OMH direktiv pou pibliye yon plan fòmasyon sou 10 ane pou asire tout klinisyen k ap travay ak timoun nan ajans yo resevwa fòmasyon konplè sou pratik ki baze sou prèv, sa ki pral fè Nouyòk vin yon lidè nasyonal nan swen sante mantal pou jèn yo.

- **Ouvèti 15 Nouvo Sant Reyabilitasyon pou Jèn yo Jwenn Sipò nan Rekiperasyon:** Pou ankouraje rekiperasyon nan kominote a ak fòmasyon nan konpetans lavi, OASAS pral ouvri jiska 15 nouvo Sant Reyabilitasyon pou Jèn yo, ki pral sitiye nan menm lokalite ak Sant Kominotè pou Rekiperasyon ak Sansibilizasyon ki deja egziste yo, pou konsantre sou konte ki pa jwenn ase sèvis.
- **Ranfòse Sipò pou Jèn LGBTQ+ yo:** Pou konbat atak federal yo kont sèvis espesyalize pou kriz yo, OMH pral fè patenarya ak yon sant nasyonal pou kriz pou bay jèn LGBTQ+ yo konsèy espesyalize pou kriz epi fòme plizyè santèn konseye lokal sèvis kriz 988 pou yo kapab jere pwoblèm espesifik jèn LGBTQ+ yo.
- **Ogmante Sipò Sante Mantal pou Jèn Endijèn yo:** Baze sou pwogram pilòt Byennèt Mantal Endijèn (Indigenous Mental Wellbeing) la, Eta a pral fè patenarya ak Nasyon Tribi yo pou elaji travayè sipò pou tranzisyon ak defansè parèy nan tout Nasyon Tribi yo ak distri lekòl ki sèvi Endijèn yo. Anplis de sa, y ap kreye yon nouvo Sant pou Mendèv Sante Mantal nan Lekòl Endijèn yo pou sipòte etidyan nan Sistèm Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York, SUNY) la k ap pousuiv karyè nan sèvis sante mantal ki baze nan lekòl.

Envestisman Gouvènè Hochul nan Sante Mantal Jèn yo
Envestisman sa yo vini pou ranfòse efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou adrese kriz sante mantal jèn yo atravè tout eta a epi ede kenbe timoun yo an sekirite sou entènèt. Travay sa a etabli Nouyòk kòm yon lidè mondyal nan garanti yon mond sou entènèt ki pi an sekirite pou timoun yo. Inisyativ yo gen ladan:

- Lwa SAFE for Kids la, ki limite fonksyon adiktif rezo sosyal yo pou timoun yo.
- Lwa Child Data Protection (Pwoteksyon Done Timoun) lan, ki anpeche operatè sou entènèt yo ranmase epi fè lajan sou done timoun yo san konsantman enfòme.
- Lejislasyon sou Companion AI (Konpayon IA), ki mete premye pwoteksyon nan peyi a, ki redirije konvèsasyon itilizatè yo sou blese tèt yo pou ale nan resous sante mantal, epi ki entèwonp konpòtman depandans ki pa bon. Gouvènè a entèdi materyèl abi seksyèl sou timoun ki se kreyasyon entelijans atifisyèl.
- Pwogram Dekonekte epi Ale Jwe (Unplug and Play) a, ki ede ankouraje bon sosyalizasyon ak devlopman timoun yo lè li finanse enfrastrikti sosyal, espas fizik tankou pak/lakou jwèt, sant kominotè ak pisin, epi li elaji pwogram pou jèn yo.
- Règleman Aprantisaj San Distraksyon Nouyòk la (New York’s Distraction Free Learning Policy), ki egzije restriksyon atravè tout eta a, sou itilizasyon telefòn entèlijan nan lekòl K-12 (soti nan kindègadenn rive nan 12yèm ane) yo soti nan premye rive nan dènye son klòch la, ki deja bay pi bon rezilta akademik, te amelyore byennèt elèv yo, ak anviwònman lekòl ki pi an sekirite pou elèv yo.
- Pwojè lwa sou Etikèt Avètisman an (Warning Labels bill) ki pral egzije konpayi rezo sosyal yo afiche avètisman sou enpak potansyèl platfòm la sou sante mantal.

Gwo inisyativ sante mantal Gouvènè Hochul la ki koute 1 milya dola ak plizyè santèn milyon dola nan finansman nan bidjè ki te swiv yo te elaji anpil aksè a swen pou jèn yo ak fanmi yo – soti nan ogmante kapasite tretman pou pasyan entèn ak rezidansyèl rive nan bati sèvis ki baze nan kominote pou ede jèn yo rete lakay yo ak nan kominote yo.

- Gouvènè Hochul te elaji tou klinik sante mantal ki baze nan lekòl yo, ki ede elèv jwenn yon pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans nan yon anviwònman familye san estigmatizasyon sou kanpis lekòl yo. Kounye a, eta a sipòte plis pase 1,300 satelit klinik, konpare ak 872 an 2020, ki kouvri 25 pousan nan tout lekòl piblik nan Eta Nouyòk.
- Atansyon Gouvènè Hochul sou sante mantal jèn yo te mennen tou pou kreye nouvo ekip Tretman Kominotè Aktif pou Jèn (Youth Assertive Community Treatment, Youth ACT) pou sipòte jèn ki gen gwo twoub emosyonèl, ki riske pou antre nan sèvis entansif, oswa k ap retounen lakay yo apre sèvis entansif tankou lopital oswa sèvis rezidansyèl. Nouyòk finanse 43 nouvo ekip jèn pou Tretman Aktif nan Kominote (Assertive Community Treatment, ACT) a — 23 ap bay sèvis kounye a — nan 35 konte, kote yo bay terapi pou jèn ak fanmi, jesyon medikaman, sipò pou fanmi ak lòt moun, ak devlopman konpetans.
- Kounye a gen 66 ekip Entèvansyon Dijans Lakay tou k ap aksepte referans - ki sèvi jèn ki gen ant 5 ak 20 an epi ki bay sèvis entansif pèsonalize pou ede fanmi kenbe jèn k ap refè nan maladi mantal lakay yo. Gen uit lòt ekip anplis ki an preparasyon, ladan yo gen sis ekip ki pral sèvi jèn ki gen andikap entelektyèl ak devlopmantal.
- Gouvènè Hochul te etabli tou Konsèy Konsiltatif pou Sante Mantal Jèn yo (Youth Mental Health Advisory Board), yon konsèy konsiltatif ki gen 30 manm ki gen ladann jèn ki gen laj ant 11 ak 17 an. Konsèy konsiltatif la reyini chak trimès epi li fèt pou asire ke pi bon pratik ki enfòme jèn yo kontinye enkòpore nan devlopman pwogram ak politik sante konpòtmantal yo.
- Gouvènè Hochul te elaji tou pwogram Espas Sekirize pou Jèn yo, yon inisyativ ki te devlope avèk kontribisyon Konsèy Konsiltatif pou Sante Mantal Jèn Gouvènè a. Pwogram sa yo bay yon plas pou jèn ki gen ant 12 ak 24 an ka gen aksè ak resous sou sante konpòtmantal ak byennèt, ankouraje relasyon pozitif ak kamarad yo epi resevwa sipò nan yon anviwònman konfòtab. Kounye a, gen sèt nan pwogram sa yo ki resevwa finansman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU